

Fè Netwayaj an Sekirite

Release Date: Oct 11, 2022

Lè ou retounen lakay ou, fè atansyon pandan ou ap fè netwayaj yo.

- Si ou gen yon jeneratris (dèlko), itilize li an sekirite. Itilize li deyò (jamè anndan kay) epi suiv enstriksyon yo pou ou asire w li byen konekte lakay ou.
- Pa itilize yon jenratris (dèlko) anndan kay la oswa nan espas ki prèske fèmen, tankou kay, garaj, ak vid sanitè (crawl spaces).
- Fè atansyon pandan netwayaj la. Mete rad pou pwoteksyon, itilize mask oswa kouvèti pou figi ki apwopriye si ou ap netwaye? [kote ki gen mwezi oswa lòt debri](#).
- Pa travay poukont ou.
- Pa manyen ekipman elektrik yo si yo mouye oswa si ou kanpe nan mitan dlo. Si ou kapab fè sa an sekirite, koupe kouran an nan bwat dijonktè prensipal la oswa nan bwat fizib la pou evite tout chòk elektrik.
- Evite mache nan dlo ki gaye akòz inondasyon, paske yo kapab gen debri ki danjere. Liy elektrik ki pase anba tè oswa ki sot tonbe atè yo kapab lakoz dlo a gen kouran tou.
- Fè yon dokiman ki gen foto pou nenpòt materyèl ki andomanje. Kontakte konpayi asirans ou an pou ou jwenn èd.



FEMA

Page 1 of 1